**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ**

**БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ ҚАСЫНДАҒЫ ПЕДАГОГ КАДРЛАРДЫ ҚАЙТА ТАЯРЛАЎ ҲӘМ ОЛАРДЫҢ ҚӘНИГЕЛИГИН ЖЕТИЛИСТИРИЎ АЙМАҚЛЫҚ ОРАЙЫ**

**“Тастыйықлайман»**

**Аймақлық орай директоры**

**________________ К.Убайдуллаев**

**“______”___________ 2015 йил**

# ЖОҚАРЫ ТӘЛИМ ПЕДАГОГИКАСЫ ҲӘМ ПСИХОЛОГИЯСЫ

**модули бойынша**

## ОҚЫЎ МЕТОДИКАЛЫҚ КОМПЛЕКС

**НӨКИС – 2015**

## МАЗМУНЫ

**ИС БАҒДАРЛАМА** ........................................ 3

**ЛЕКЦИЯ ТЕСТЛЕРИ** ........................................ 11

1-ТЕМА: Жоқары тәлим педагогикасының актуал мәселелери ........................................ **11**

2. ТЕМА: Педагогикалық коммуникацияда психологиялық компетентлик ........................................ **27**

**ТЕСТ СОРАЎЛАРЫ** ........................................ 39

## ИС БАҒДАРЛАМА

## Модулдиң мақсети ҳәм ўазыйпалары

**“Жоқары тәлим педагогикасы ҳәм психологиясы”** модулиниң мақсети - жоқары тәлим системасында тәлим-тәрбия процесслерин нәтийжели шөлкемлестириў ҳәм басқарыў бойынша билим, көнликпе ҳәм уқыплылықларды раўажландырыўға қаратылған.

**Модулдың ўазыйпасы:** Жоқары тәлим педагогикасы ҳәм психологиясы пәниниң актуал мәселелери, жоқары тәлим системасының педагог кадрлары таярлығына қойылатуғын талаплар, жоқары тәлим системасына тийисли тәлим ҳәм тәрбия ҳаққында ҳүжжетлер, тәлим процесси ҳәм тәлим парадигмалары, педагогикалық изертлеў методлары, жоқары тәлимди модернизациялаў ҳәм оптималластырыў, тәлим процессиниң психологиялық өзине тәнлиги, шахс психологиясы ҳәм шахсқа бағдарланған тәлим, педагогикалық коммуникацияда психологиялық компетентлик мәселелериниң мазмунын үйрениўге бағдарлаўдан ибарат.

## I. Модулди өзлестириўге қойылатуғын талаплар

Күтилетуғын нәтийжелер: Тыңлаўшылар “Жоқары тәлим педагогикасы ҳәм психологиясы” модулин өзлестириў арқалы төмендеги билим, көнликпе ҳәм уқыплылықлардға ийе болады:

**Тыңлаўшы:**

- Өзбекистан Республикасында жоқары тәлимниң мақсети, ўазыйпалары ҳәм актуал мәселелери;
- жоқары тәлим системасын раўажландырыўдың тийкарғı бағдарлары;
- жоқары тәлимди модернизациялаў ҳәм оптималластырыўдың актуаллығы;

- жоқары тәлим системасында қатнас ҳәм коммуникатив процесслердиң форма ҳәм нызамлылықларын;
- жоқары тәлимде педагогикалық процесслер нызамлылықлары ҳәм шахсты оқытыў, тәрбиялаў ҳәм раўажландырыўдың заманагөй теориясы ҳәм технологияларын;
- педагогикалық изертлеў методлары;
- жоқары тәлимде тәлим процессин шөлкемлестириў;
- тәлим процессиниң психологиялық өзине тән өзгешеликлери;
- жоқары тәлим профессор оқытыўшыларына қойылатуғын талаплар;
- жоқары тәлим системасы профессор-ўқитувчиларының инновацион хызмети ҳәм оны раўажландырыўжоллары ҳаққындағы **билимлерге** ийе болады.

**Тыңлаўшы:**

- тәлим-тәрбия процесслериниң мақсетине ерисиўде оқыў орнының хызметин шөлкемлестириў;
- жоқары тәлим системасында тәлим-тәрбия процесслерин раўажландырыўға қаратқлған инновациялардқ ислеп шқғарқў ҳәм ен жайдырыў;
- жоқары тәлимниң мазмунына сай түрде сабақлардың формаларын таңлаў ҳәм өткериў (лекция, семинар, тәжирийбе алмасы, сәўбетлесиўлер, лабаратория сабақлары, тренинглер ҳ.т.б.);
- оқыў процессинде оқытыўдың техникалық қураллары (ОТҚ) ҳәм компьютерлерден пайдаланыў;
- турли дидактикалық қуралларды ислеп шығыў ҳәм тәлим процессинде қоллаў;
- жоқары тәлимниң оқыў-методикалық комплекси (оқыў бағдарламасы, қолланба, сабақлық, методикаық усыныслар, предметлараралық байланыслар ҳәм басқа схемалар)ды жарата алыў;

- талабалардың оқыў-билиў искерлигине басшылық етиў;
- талабалардың илимий искерлигин шөлкемлестириў ҳәм басшылық етиў;
- педагогикалық хызметке инновацияларды алып кириўдиң нәтийжели формаларынан пайдаланыў;
- заманагөй педагогикалық технологияларды тәлим процессине ен жайдырыў;
- тәлим процессин шөлкемлестириў ҳәм басқарыў көнликпелерине ийе болады.

**Тыңлаўшы:**

- педагогикалық мониторинг алып барыў;
- психологиялық-педагогикалық диагностиканың заманагөй методларынан пайдаланыў;
- оқыў сабақларын жойбарлаў, режелестириў, әмелге асырыў, баҳалаў, раўажландырыў;
- қәнигелик пәнлерин оқытыўдың дидактикалық тәмийнатын жаратыў;
- коммуникатив ўазыйпаларды шешиў технологиялары, кәсиплик қатнас усылларынан пайдаланыў, биргеликте ислесиў **уқыплылықларына** ийе болады.

## II. Модулдың оқыў режедеги басқа пәнлер менен байланысы ҳәм избе-излиги

Модулдың мазмуны оқыў режедеги психология, педагогикалық технология, педагогикалық шеберлик, АКТ ҳәм басқа барлық блоктағы пәнлер менен байланысқан ҳалда олардың илимий-теориялық, әмелийтийкарларын ашып бериўге хызмат қилады.

## IY.Модулдың жоқары тәлимдеги орны

Пән жоқары оқыў орынлары педагог кадрларының педагогикалық шеберлигин асырыў ҳәм тәлим процессин шөлкемлестириў, жоқары тәлим системасының теориялық ҳәм әмелий тикарларын раўажландырыўға қаратылғанлығы менен әҳмийетли саналады.

## Y.Модул бойынша саатлардың бөлистирилиўи

<table>
<tr><th rowspan="4">№</th><th rowspan="4">Модул темалары</th><th colspan="6">Тыңлаўшылардың оқыў жүклемеси, саат</th></tr>
<tr><th rowspan="3">Ҳәммеси</th><th colspan="4">Аудитория оқыў жүклемеси</th><th rowspan="3">Өз бетинше жумыслар</th></tr>
<tr><th rowspan="2">жәми</th><th colspan="3">соннан</th></tr>
<tr><th>Теориялық</th><th>Әмелий</th><th>Көшпели сабақлар</th></tr>
<tr><td>1.</td><td>Жоқары тәлим педагогикасының актуал мәселелери</td><td>4</td><td>4</td><td>2</td><td>2</td><td></td><td></td></tr>
<tr><td>2.</td><td>Педагогикалық коммуникацияда психологиялық компетентлик.</td><td>4</td><td>4</td><td>2</td><td>2</td><td></td><td></td></tr>
<tr><td></td><td>Жами: 8 СААТ</td><td>8</td><td>8</td><td>4</td><td>4</td><td></td><td></td></tr>
</table>

## ТЕОРИЯЛЫҚ САБАҚЛАРДЫҢ МАЗМУНЫ

### 1-ТЕМА. Жоқары тәлим педагогикасының актуал мәселелери

**РЕЖЕ:**

1.ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНДА ЖОҚАРЫ ТӘЛИМНИҢ МАЗМУНЫН БЕЛГИЛЕЎШИ ҲУҚЫҚЫЙ НОРМАТИВ ҲУЖЖЕТЛЕР.
2. ЖОҚАРЫ ТӘЛИМНИҢ МАҚСЕТИ, ЎАЗЫЙПАЛАРЫ ҲӘМ ТАЛАПЛАРЫ.
3. ЖОҚАРЫ ТӘЛИМ СИСТЕМАСЫНДА ТӘЛИМ ПРОЦЕССИНИҢ ӘҲМИЙЕТИ ҲӘМ ЎАЗЫЙПАЛАРЫ.
4. ЖОҚАРЫ ОҚЫЎ ОРНЫ ОҚЫТЫЎШЫСЫНЫҢ ИННОВАЦИОН ХЫЗМЕТИ.

Жоқары тәлим педагогикасы ҳаққында түсиник. Республиканы социал-экономикалық жақтан раўажландырыўдың тийкарғы бағдарлары ҳәм тәлим-тәрбия тараўында әмелге асырылп атырған реформалар. Жоқары тәлим мазмунын белгилеўши ҳуқықий норматив ҳүжжетлер. Кадрлар таярлаўдың миллий модели. Жоқары тәлим системаында педагогик кадрлардың таярлық дәрежесине қойытатуғын талаплар. Жоқары маманлықтағы илимий ҳәм илимий-педагогик кадрларды таярлаў. Жоқары тәлим системасында тәлим процессиниң әҳмсийети ҳәм ўазыйпалары. Тәлим барлықты билиўдиң өзине тән формасы сыпатында. Оқытыў ҳәм оқытыў процесслериниң сыпатламалары ҳәм олардың тәлим процессиндеги өз-ара байланысы. Тәлим процесси ҳәм тәлим алыўшылардың руўҳиятындағы өз-ара байланыс. Оқыў

мотивациясы ҳәм тәлимниң нәтийжелилиги. Тәлим ҳәм тәрбияның шахслараралық унамлы мүнәсибетлери.

Заманагөй оқытыўшы хызметинде жүзеге келетуғын қыйыншылықлар ҳәм оларды сапластырыў жоллары. Жоқары тәлим педагогларының илимий дөретиўшеңлик хызмети. Педагогикалық изертлеў методлары. Оқытыўшының инновацион хызметин шөлкемлестиирў ҳәм инновацион потенциалын раўажландырыў. ЖОО оқытыўшыларының кәсиплик-педагогикалық шеберлигин раўажландырыў усыллары

## 2-ТЕМА: Педагогикалық коммуникацияда психологиялық компетентлик.

**Реже:**

1. ТӘЛИМ ПСИХОЛОГИЯСЫ
2. ТӘРБИЯ ПСИХОЛОГИЯСЫ
3. ЎҚИТУВЧИ ПСИХОЛОГИЯСИ
4. ШАХСТЫҢ ҚӘИПЛЕСИЎИ ҲӘМ ПСИХИК РАЎАЖЛАНЫЎЫНА ТӘСИР ЕТИЎШИ ФАКТОРЛАР.

Тәлим-тәрбия ҳәм раўажланыў ортасындағы өз-ара қатнас мәселеси. Түрли жас дәўирлерине тән ҳалда билиў, эмоционал ҳәм ерк күшиниң раўажланыўы. Оқыў мотивациясы ҳәм тәлимниң нәтийжелилиги. Шахс психологиясы ҳәм шахсқа бағдарланған тәлим.

Оқытыўшының инновацион хызмети – жаратыўшаңлық процесси ҳәм дөретиўшеңлик искерлик нәтийжеси екенлиги. Оқытыўшы жаңа педагогикалық технологиялар, теориялар, концепциялардың авторы, ислеп шығарыўшысы, изертлеўшиси, пайдаланыўшысы ҳәм ен жайдырыўшысы. Оқытыўшының инновацион хызмети ўақыяларды өзгертиўге, оның

машқалалары менен усылларын шешиўди анықлаўға қаратылғанлығы. Педагогтың инновацион хызметин дүзиўдеги жандасыўлар - аксиологиялық, акмеологиялық, креатив ҳәм рефлексив өзгешеликлер.

Жоқары тәлимде қолланылатуғын педагогикалық технологиялар: машқалалы тәлим, критикалық пикирлеўди раўажландырыўшы тәлим технологиялары, ойынла ҳәм улыўма раўажландырыўшы тәлим технологиялары, кейс технологиялары ҳәм жойбарланған тәлим теҳнологиялары. Талабаларда илимий түсиниклердиң пайда болыўы. Руўхый процесстиң тәлим процессинде раўажланыўы. Билимлерди әмелиятта қоллаўда көнликпе ҳәм уқыплылықлардың қәлиплесиўи. Әдеп-икрамлылық түсиниклерди рапўажландырыў механизми ҳәмде оның раўажланыўының психологиялық өзгешеликлери. Комплекс тәрбия ҳәм оның талаба шахсына тәсири. Индивидуал тәрбия ҳәм талабаның раўажланыўы. Тәрбияға тәсир етиўдиң психологиялық методлары. Оқытыўшының хызметине психологиялық сыпатлама. Педагогикалық көнликпе ҳәм уқыплылық. Оқытыўшы шеберлик ҳәм дөретиўшең излениўлердиң нәтийжелилигин асырыўдың психологиялық тийкарлары.

## ӘМЕЛИЙ САБАҚЛАРДЫҢ ӘҲМИЙЕТИ ҲӘМ МАЗМУНЫ

Тыңлаўшылардың теориялық билимлерин беккемлеў ҳәмде кәсиплик көнликпелерин раўажландырыўға тийисли әмелий сабақлар заманагөй дидактикалық жақтан тәмийинленген ҳәм лаборатория үскенелерине ийе болған аудиторияларда ҳәмде Интернет тармағына байланысқан компьютер классларында шөлкемлестириледи.

Әмелий сабақларды “Киши топарларда ислесиў”, “машқалалы жағдай”, “Дәўрада сәўбетлесиў” сықлы тәлим методларынан пайдаланылған ҳалда шөлкемлестириў көзде тутылған.

# ӨЗ БЕТИНШЕ ЖУМЫСЛАР УШЫН ТЕМАЛАР

- Психология пәниниң теоиялық мәселелери
- Интеллект мәселесиниң үйренилиўи
- Психологияда интеллект ҳәм ақыл раўажланыўы мәселесиниң анализлениўи
- Интеллектуал тестлердиң психологиялық тийкарлары
- Турмыслық уқыплылықларды қәлиплестириўши психорейтинг дегенимиз не?
- Коммуникатив уқыплылықлар ҳәм инсаныйлық өз-ара мүнәсибетлерге үйретиўши психорейтинг дегенимиз не?
- Қарар қабыл етиў ҳәм машқаланы шешиўгебағдарлаўшы психорейтинг дегенимиз не?
- Саламатластырыў орталығын сақлаўшы психорейтинг дегенимиз не?
- Қәбилетти раўажландырыўшы ҳәм оны бағдарлаўшы психорейтинг дегенимиз не?
- Шахстың раўажланыўынына ҳәм өз-өзине идентликти пайда етиўге жәрдем бериўши психорейтинг дегенимиз не?
- Өзара тәрбия прцессин диагноз қылыўдың ҳәзирги заман методлары (жоқары мектепте  психологиялық хызмет)
- Тәлимниң психологиялық тийкарлары
- Оқытыўшы психологиясының айырым машқалалары
- Оқытыўшы ҳәм талабалардың педагогикалық қатнасының психологиялық тийкарлары
- Шахс психологиясы ҳәм жәмәәт теориясы

## ЛЕКЦИЯ ТЕСТЛЕРИ

## 1-ТЕМА: Жоқары тәлим педагогикасының актуал мәселелери

**РЕЖЕ:**

1. ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНДА ЖОҚАРЫ ТӘЛИМНИҢ МАЗМУНЫН БЕЛГИЛЕЎШИ ҲУҚЫҚЫЙ НОРМАТИВ ҲУЖЖЕТЛЕР.
2. ЖОҚАРЫ ТӘЛИМНИҢ МАҚСЕТИ, ЎАЗЫЙПАЛАРЫ ҲӘМ ТАЛАПЛАРЫ.
3. ЖОҚАРЫ ТӘЛИМ СИСТЕМАСЫНДА ТӘЛИМ ПРОЦЕССИНИҢ ӘҲМИЙЕТИ ҲӘМ ЎАЗЫЙПАЛАРЫ.
4. ЖОҚАРЫ ОҚЫЎ ОРНЫ ОҚЫТЫЎШЫСЫНЫҢ ИННОВАЦИОН ХЫЗМЕТИ.

**Таяныш түсиниклер:** *Жоқары тәлим, тәлим системасы, тәлим принциплери, оқыў процесси, тәлим парадигмалары, инновация, оқытыўшының инновацион потенциалы, оқытыў методикасы, тәлим формасы, методлары, дидактика, дидактикалық материаллар, технологиялар, жойбарлаў, информацияластырыў.*

## ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНДА ЖОҚАРЫ ТӘЛИМНИҢ МАЗМУНЫН БЕЛГИЛЕЎШИ ҲУҚЫҚЫЙ НОРМАТИВ ҲУЖЖЕТЛЕР

**Жоқары тәлим педагогикасы** – педагогика пәниниң айырықша тармағы. Педагогикалық әдебиятларда жоқары тәлим педагогикасы

атамасына төмендеги анықламалар берилген:

“Жоқары тәлим педагогикасы – жоқары оқыў орынларында оқыў-оқытыў, кәсиплик билим, көнликпе ҳәм уқыплылықларды ийелеў, талабаларда әдеп-икрамлылық пәзийлетлерди тәрбиялаўдың мазмуны, форма-усыллары, нызамлылықлары ҳаққындағы педагогикалық пән саналады”.

Бул анықламалардың ҳәр биринде белгили бир илимий ҳақыйқат сәўлеленген, яғный жоқары тәлим педагогикасы түсинигине сай айырым әҳмийетли өзгешеликлер ҳәм белгилер киритилген.

**Жоқары тәлим педагогикасының предмети** – жоқары оқыў орынларында оқыў-тәрбия процесслери, жоқары тәлимде тәлим-тәрбияның мазмуны, форма-усыллары.

**Жоқары тәлим педагогикасының объекти** – жоқары оқыў орынлары тәрепинен алып барылып атырған жумыслар, профессор-оқытыўшылар менен талабалардың биргеликте ислесиў формалары.

**Жоқары тәлим педагогикасының нызамлылықлары:**

- жоқары оқыў орнындағы тәлим-тәрбияның характери, мазмуны, формалары социаллық раўажланыўдың ҳәр бир басқышында сол жәмийетте орнатылған ислеп шығарыўға болған зәрүриятлар менен белгиленеди ҳәм мәмлекет ҳүжжетлеринде социаллық буюртпа сыпатында сәўлеленеди;
- жоқары тәлимниң мақсети, мазмуны, форма ҳәм методларының бирлиги.

Жоқары тәлим педагогикасы педагогика пәниниң улыўма **принциплерине** сүйенеди. Булар:

- саналылық;
- активлик;
- талабаның жас өзгешеликлерин инабатқа алыў;
- изшиллик ҳәм системалылық;
- тәлимниң турмыс пенен байланыслылығы;

- көргизбелилик.

**Жоқары тәлим педагогикасының илимий изертлеў методлары** тийкарынан жоқары тәлим педагогикасы бағдарындағы машқалаларды изертлеў ушын қолланылады. Булар:

- теориялық материлларды үйрениў ҳәм анализлеў;
- бақлаў методы;
- социологиялық методлар: сораў-жуўап, анкета, интервью;
- педагогикалық тәжирийбе-сынаў;
- математикалық-статистикалық анализ;
- рейтинг методы;
- биографияларды үйрениў.

**Жоқары тәлим педагогикасының дереклери** төмендегилерден ибарат:

- Өзбекстан Республикасының конституциясы, "Билимлендириў ҳаққында"ғы Нызамы, "Кадрлар таярлаў миллий бағдарламасы".
- Өзбекстан Республикасы Президентиниң идеялары ҳәм шығармалары;
- Олий мажлис ҳәм Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң норматив ҳүжжетлери;
- Орайлық Азия ойшылларының педагогикалық идеялары, дүнья жүзи педагогларының шығармалары.
- халқ педагогикасы, миллий, мәдений қәдириятлар, дәстүрлер, үрп-әдетлер;
- Педагогикалық әдебиятлар, сабақлықлар, оқыў режелер, бағдарламалар, жоқары тәлим МБС;
- көркем педагогикалық шығармалар;
- Жоқары оқыў орынларының ис тәжирийбелери;
-"Авесто", "Қуръони Карим", Ҳәдислер ҳәм басқа илимий әдебиятлар.

"Билимлендириў ҳаққында"ғы Нызамда "Жоқары тәлим жоқары маманлықтағы қәнигелерди таярлаўды тәмийинлейди. Жоқары мағлыўматлы қанигелерди таярлаў университетлер, академиялар, институтлар ҳәм басқа

жоқары оқыў орынларында орта арнаўлы, кәсип-өнер тәлими негизинде әмелге асырылады” делинген.

Өзбекстан Республикасының жоқары билимлендириў тараўында мәмлекетлик сиясаттың төмендеги **принциплерине** сүйенген ҳалда ис алып барылады:

1. Тәлим-тәрбияның инсаныйлық, демократиялық, дүньялық характерда екенлиги.

2. Тәлимниң үзликсизлиги ҳәм изшиллиги;

3. МБС тийкарында жоқары тәлим алыўдың ҳәмме ушын ашықлығы.

4. Билимли болыў ҳәм зийрекликти қоллап-қуўатлаў.

5 . Жоқары билимлендириў системасында мәмлекетлик хәм жәмәәтлик басқарыўдың бирлиги.

**Өзбекстанда жоқары тәлимди реформалаўдан тийкарғы мақсет**– жоқары тәлимниң дүзилиси, мазмуны, форма ҳәм усылларын түптен өзгертиў, оны ески идеологиялық көз-қараслардан тазалаў, раўажланған демократиялық мәмлекетлер дәрежесине ерисиў, жоқары мәнәўий талапларға жуўап бериўши, жоқары маманлықтағы кадрларды таярлаўдан ибарат.

## ЖОҚАРЫ ТӘЛИМНИҢ МАҚСЕТИ, ЎАЗЫЙПАЛАРЫ ҲӘМ ТАЛАПЛАРЫ

Жоқары тәлимниң мақсети объектив характерге ийе болып, Өзбекстанда демократиялық пухаралық жәмийетти қурыў, мәмлекетимизди базар экономикасы тийкарында раўажланған мәмлекетге айландырыў зәрүриятларынан келип шығады. Бул зәрүриятлар мәмлекеттиң буюртпасы сыпатында “Билимлендириў ҳаққында”ғы Нызам, “Кадрлар таярлаў миллий бағдарламасы”, Президентимиздиң шығармаларында өзиниң сәўлелениўин табады.

**Жоқары тәлимниң ўазыйпалары**:

- талаба шахсын интеллектуал, мәдений-мәнәуий камал табыўына болған эҳтияжларын қанаатландырыў;

- талаба жаслар шахсын – мәмлекетимиз пухарасы сыпатында Ўатан, халық, жәмийет ҳәм шаңарақ алдындағы жуўапгершилигин сезиниўге, миллий ҳәм улыўмаинсаныйлық қәдириятларға ҳүрмет пенен қараўға үйретиўден ибарат;

- елимизде илим-пәнди раўжландырыў, илимий изертлеў нәтийжелери ҳәм усынысларынан тәлим процессинде пайдаланыў;

- халық арасында илимий билимлерди кең тарқатыў, халқтың мәдений ҳәм билим дәрежесин көтериў.

Тәлим принциплери оқытыўшының искерлигин, талабаның билиў хызметин, тәлимниң нәтийжелилигин белгилейди. Соның ушын тәлим принциплери тәлим бериўдиң объектив нызамлылықларын өзинде сәўлелендиреди. Яғный, билимлер түрли метод ҳәм қураллары арқалы пухта өзлестирилгенде ғана ол есте қалады. Бул болса оқыў материалларын саналы өзлестириўге, теория менен әмелиятты байланыстырыўға, көргизбелиликке әмел қылыўға, билимлерди тәкирарлаў арқалы беккемлеўге байланыслы. Билимлерди системалы ҳәм пухта өзлестириў тәлимниң бас мақсети саналады.

Оқыў орынларындағы тәлимниң мазмуны инсан шахсын ҳәм маман қәниге таярлаў менен белгиленеди. Тәлиминиң мазмунын болса МБСлары, оқыў режеси ҳәм сабақлықлар қурайды. **Жоқары оқыў орынларында оқыў-тәрбия жумыслары** Өзбекстанда жәрияланған Жоқары тәлимниң МБСлары тийкарнида әмелге асырылады.

Жоқары тәлимниң МБСлары ӨзР министрлер Кабинетиниң 2001 жыл 16 августтағы қарары менен тастыйықланған болып, бакалавриат бағдары ҳәм магистратура қәнигелигине қойылған қәнигелик талаплар, тәлимниң мазмунын, бакалавр ҳәм магистр таярлығының зәрүрий дәрежесин, сапасын белгилейтуғын норматив ҳүжжет саналады. Бул ҳүжжет “Билимлендириў

ҳаққында"ғы Нызамы, "Кадрлар таярлаў миллий бағдарламасы" ҳәм ЮНЕСКО тәрепинен 1997 жылда қабел етилген тәлимниң халықаралық стандарт классификациясы принциплари негизинде ислеп шығылған.

**Жоқары тәлимниң МБСлары төмендегилерди белгилейди**:

- кадрлар таярлаўдың сапасына, тәлим мазмунына қойылатуғын улыўма талапларды;

- тәлим алыўшылардың таярлығының зәрүр билим дәрежесин, сондай-ақ, питкериўшилерге қойылатуғын улыўма қәнигелик талапларды;

- оқыў жүклемесиниң көлемин;

- жоқары оқыў орынларының хызмети ҳәмде кадрлар таярлаў сапасын баҳалаў механизмин.

МБСлары тәлим мазмунының өзеги саналады. Ол тийкарда оқыў реже, бағдарламалар, сабақлықлар, оқыў-методикалық қолланбалар, көргизбели қураллар жаратылады.

Педагогика теориясында **тәлимниң мазмунын қәлиплестириўдиң тийкарғы принциплери В.В.Краевский** тәрепинен ислеп шығылған. Булар:

1. Тәлим мазмунының жәмийет, пән, мәдeният ҳәм шахс бирлиги принципи. Бул принцип тәлим мазмунына зәрүр болған билим, көнликпе ҳәм уқыплылықларды, сондай-ақ, жәмийети, мәдeният ҳәм шахс имканиятлары раўажланыўының заманагөй дәрежесин сәўлелендириўши билимлерди киритиўди көзде тутады.

2. Оқытыўдың мазмун процессуал тәреплериниң бирлиги принципи. Бул принцип оқыў процесслериниң анық өзгешеликлерин, оларды әмелге асырыў технологиялары ҳәм оны өзлестириў дәрежеси бирлигинин сәўлелендиреди.

3. Тәлимниң мазмунын гуманизациялаў принципи.

4. Тәлим мазмунының тийкарланғанлығы принципи. Бул гуманитар ҳәм тәбиий-илимий билимлерди интеграциялаўды талап етеди.

5. Тәлим мазмуны тийкарғы компонентлердиң шахс ишки (таяныш) мәденияты структурасына сайлығы принципи.

**Педагогика пәни тәлим мазмунының төмендеги компонентлерин** белгилейди:

1. **Шахстың когнитив тәжирийбеси**, яғный тәбият, жәмийет, техника, ой-пикир ҳәм искерлик ҳаққындағы билимлер системасы, дүньяны билиў.

2. **Әмелий искерлик тәжирийбеси**, яғный шахста көнликпе ҳәм уқыплылықлардың қәлиплесиўи болып, олар искерликтиң түрлери (билиў, мийнет, көркем, қәдириятларға бағдарланған, коммуникатив) менен байланыслы

3. **Дөретиўшилик тәжирийбеси**. Ол пайда болған машқалаларды шешиў ҳәм қайта жаратыўға таяр турыўда көринеди.

4. **Шахс мүнәсибетлери тәжирийбеси**. Бул тийкарлаў (мотивация) – баҳалаў, эмоция, ерк күши мүнәсибетлер системасынан ибарат болып, ол баҳа бериўде көринеди.

## ЖОҚАРЫ ТӘЛИМ СИСТЕМАСЫНДА ТӘЛИМ ПРОЦЕССИНИҢ ӘҲМИЙЕТИ ҲӘМ ЎАЗЫЙПАЛАРЫ

Жоқары тәлимниң **пән ҳәм ислеп шығарыў менен байланысы** әмелдеги нызамлардан келип шыққан ҳалда оқыў-илимий, оқыў-ислеп шығарыў комплекслери, бирлеспелер дүзиў жолы менен ямаса уллы илимпаз ҳәм қәнигелерди оқыў процессине шақырыў ҳәмде илим изертлеў институтлары, кәрхана ҳәм мекемелеринде жоқары оқыў орынларының орайларын, лабораторияларын, кафедралары ҳәм бөлимлерин шөлкемлестириў жолы менен әмелге асырылады.

Жоқары билимлендириў системасында тәлим лекция, консультация, семинар, әмелий, лаборатория, қадағалаў иси, қәнигелик питкериў иси, магистрлик диссертациясын таярлаў сыяқлы сыяқлы форма ҳәм усыллар кең ен жайдырылған.

**Лекция** – жоқары оқыў орынларында кең қолланылып киятырған тәлим

форма ҳәм усылларының бири саналады. Лекциялардың мазмунында сол пәндеги машқалалар, көз-қараслар, дереклер, идеялардың мазмуны ашып бериледи.

**Әмелий сабақлар** – жоқары оқыў орынларында лекциялар мазмунындағы әҳмийетли мәселелерди терең ҳәм пухта үйрениў, талабалардың билимлерди өзлестириўи, өз беинше жумыслардың сапасын анықлаў ҳәм толықтырыў, беккемлеў мақсетинде шөлкемлестириледи.

**Семинар сабақлар** – жоқары оқыў орынларында тәлимниң әмелий форма-усылларынан болып, бағдарлама материлларын тереңнен өзлестириўге жәрдем береди.

**Лабораториялық жумыслар** – жоқары оқыў орынларында ийеленген билимллерди беккемлеў, әмелий көнликпе ҳәм уқыплылықларды қәлиплестириўге хызмет қылады.

**Қәнигелик әмелият** – ийеленген теориялық билим ҳәм көнликпелерди кәрхана, шөлкем ҳәм орынларда әмелде қоллаў арқалы қанигелигин жетилистириў процесси саналады.

Жоқары мектепте оқытыў процесси оқытыўдың форма ҳәм методларын шөлкемлестириўдиң көп қырлы бир пүтин системасы рамкасында әқмелге асырылады. Жоқары мектептеги оқытыўдың форма ҳәм методларының жыйнағы оқыў процессиниң объектив нызамлылықлары менен белгиленетуғын бир пүтин дидактикалық комплексти қурайды.

Жоқары мектепте оқытыўдың форма ҳәм методларын таңлаў төмендеги еки түрли искерликке сүйенеди. Булар:

- оқытыўшылардың басқарыў ҳәм шөлкемлестириў искерлиги
- талабалардың оқыў-билиў искерлиги.

Бул процессте мағлыўматлар алмасыўы үш түрде әмелге асады. Булар:

1. **Монолог –** лектордың талабалардың қарсысында сөз сөйлеўи, сабақты баян етиўи. Лекцияда лектор сөйлеўи тийис деген пикир көпшиликтиң санасында орналасып қалған. Бирақ бунда лектордың пикирин

аудиторияның аз бөлеги ғана өзлестиреди. Талабаларда пассивлик сезиледи. Лектор талабалар менен ислесиўдиң басқа усылынан пайдаланыўға мәжбүр болады.

2. **Диалог** – теманы топар шараятында оқытыўшы менен биргеликте талқылаў жолы саналады. Бул усыл талабаларды активлестиреди, дөретиўшеңлик орталықты қәлиплестиреди, талабалар оқыў процессиниң объектинен субъектине айланады. Лекин диалогда лектор аудиторияның тема ямаса машқала бойынша билимлерин бақлай алыўы тийис. Болмаса булл диалог мәниссис нәтийжелерге алып келиўи мүмкин

3. **Полилог.** Бул топар ишиндеги пикир алмасыўлар саналады. Ол талабалардың активлигин асырыў, олардың дөретиўшеңлик қәбилетлерин раўажландырыў мақсетинде қолланылады. Бунда талабалар жеке пикирлерин билдириўлери, пикир алмасыўлары мүмкин, бирақ оқытыўшы шөлкемлестириўши болып, оларға тиккелей араласыўы талап етилмейди. Сонлықтан да бул усылдан сабақтың басында пайдаланыў мүмкин емес. Полилогдан пайдаланыў ушын талабалар тема ямаса машқала бойынша билимлер жыйындысы ҳәмде биргеликте ислесиў тәжирийбеси талап етиледи. Бул усыл сабақтың темасы көбирек теориялық характерге ийе болып жаңа идеялардан олардың әмелий тәреплерин келтирип шығарылыўы зәрүрияты болғанда пайдаланыў мүмкин

Сондай-ақ, жоқары мектепте **оқытыў процессин шөлкемлестириў формаларына** төмендегилер киреди:

- лекция,
- семинар ҳәм әмелий сабақлар,
- лабораториялар,
- оқыў әнжуманлары,
- консультациялар,
- экскурсия, экспедиция,
- оқыў ислеп шығарыў педагогикалық әмелияты ,

- курс ямаса диплом жумыслары,

- талабалардың өз бетинше жумыслары.

**Лекция** – белгили бир илимий мәселени дурыс, логикалық избе-изликте ҳәм изшиллий пенен анық сәўлелендирип бериў саналады.

С.И. Архангельскийдиң пикирнше, лекция оқытыўшы шахсының барлық байлығы: сана-сезими, ерк күзи, исеними арқалы талабалардың ишки дүньясы менен қатнаста болыўдың ең нәтийжели, жанлы формасы саналады. Бунда оқытыўдың бағдар бериўши, информация бериўши, методологиялық ҳәм тәрбиялаўшы функциялары әмелге асырылады.

**Лекцияда төмендеги ўазыйпалар** шешилиўи тийис:

- илимий билимлердиң белгили муғдары баян етиледи,
- талабаларға пән ҳәм изертлеўлердиң методологияы таныстырылады,
- оқыў искерлиги менен оқыў сабақларының барлық түрлери арасынддағы методикалық байланыслар көрсетиледи.

Лекция дидактикалық мақсет, оқытыў процессиндеги орны, информацияларды баян етиў методларына қарай өзине тән өзгешеликке ийе.

**1. Дидактикалық мақсетке бағдарланғанлығына қарай:**

- кирисиў лекциялар,
- тематиклық,
- улыўма-жуўмақлаўшы лекциялар сыяқлы түрлерге бөлинеди.

**Лекцияны баян етиў методлары**:

1. Индукция (жеке пикирлерден улыўмалыққа)
2. Дедукия (улыўмалыктан жеке пикирге)
3. Аналогия методы (жуўмақ шығарыўларды анықластырыўға қаратылады).

**Әмелий сабақларға** шынығыўлар, семинар ҳәм лаборатория сабақлары киреди.

**Әмелий сабақлардың лекция сабақларынан тийкарғы парқы**:

1. Оқыў процесси қатнасыўшыларының тығыз биргеликте ҳәрекет

етиўи,

2. Егер лекцияның тийкарғы ўазыйпасы илимий билимларди баян етиў болса әмелий сабақларда бул билимлер тереңлестириледи, кеңейтириледи, деталластырылады

3. Талабалардың билимин сынаўға хызмет қылады.

4. Тәлим бериўшилик, тәрбиялық ҳәм теорияны әмелият пенен байланыстырыў функцияларын орынлайды.

**Семинар - әмелий сабақтың тийкарғы түри.**

Семинар сабақларында төмендеги ўазыйпалар шешилиўи тийис:

- лекцияда баян етилген теориялық қағыйдалардың беккемлениўи;
- пән бойынша билимлерди кеңейтиў ҳәм тереңлестириў;
- талабалардың илимий-изертлеў, билиў қәбилиетлерин раўажландырыў;
- теориялық оқытыў процессинде ийелеген билимлердиң әмелиятта тән алыныўы.

**Семинар сабақларының түрлери**:

- семинаралды сабақлар (талабаларды өз бетинше жумыслардың өзине тән өзгешеликлери менен таныстырыў мақсетинде өткериледи. Бунда әдебиятлар, мағлыўматнама-әдебиятлар ҳәм басқа дереклер менен ислеў усыллары үйретиледи. Талабаларды илимий-изертлеў ислерин алып барыўға қаратылған бирлемши қәдем саналады. Семинаралды сабақлар семинар сабақларының таярлық формасы болып, ол әдетте биринши курсларда өткериледи),
- семинар,
- арнаўлы семинарлар.

**Өз бетинше жумыслар** кадрлар таярлаў системасын түптен қайта қурыўға, оқыў-тәрбия процессиниң әҳмийетин асырыўға қаратылған.

**Өз бетинше жумыслар** – бул талабалар тәрепинен билимлердиң ийелениўи менен бир қатарда көнликпелердиң қәлиплестирилиўи де өз бетинше әмелге асырылады. Бул әмелиятта жеке-дидактикалық мақсетлерге

байланыслы 4 түрдеги өз бетинше ис типинде әмелге асады.

**Өз бетинше жумыслар** – оқыў бағдарламасында белгиленген ҳәмде талаба тәрепинен өзлестирилиўи тийис болған билим, көнликпе ҳәм уқыплылықтың белгили бир бөлеги болып, оқытыўшының мәсләҳәти ҳәмде усыныслары тийкарында аудиторияда ямаса аудиториядан тыс орынланыўы тийис болған тәлим формасы. Пәнниң өзгешелигинен келип шыққан ҳалда кафедра тәрепинен сораўлар, тапсырмалар ислеп шығылады ҳәм булл бойынша методикалық усыныслар бериледи.

**Педагогикалық әдебиятларда өз бетинше жумыслардың төмендеги түрлери анықланған:**

- үлгилер бойынша өз бетинше жумыслар;
- реконструктив- вариатив
- эвристикалық,
- дөретиўшең изертлеўшилик.

**Үлгилер бойынша өз бетинше жумысларда** түрли ўазыйпаларды үлгилерге қарап шешиў нәзерде тутылады. Олар оқыў материлларын өзлестириўге хызмет қылады, бирақ талабалардың дөретиўшилик искерлиги әмелге аспайды.

**Реконструктив-вариатив өз бетинше жумыслар** текғана билимлердиң әмелий характеристикасын емес, бәлки билимлер структурасын қайта ислеп шығыўды, мәселе, машқаланы шешиўде тийисли билимлерди қолланыўды көзде тутады.

**Эвристикалық өз бетинше жумыслар** лекция, лаборатория, әмелий сабақлар, семинарларда қойылған айырым мәселелер ҳәм машқалаларды шешиў менен байланыслы. Изертлеў машқаласын көре билиў көнликпесин, оны еркин түрде баян ете алыў, гипотезаны белгилеп алыў, машқаланың шешилиў жолларын ислеп шығыў ҳәм оны шешиўди нәзерде тутады.

**Дөретиўшең изертлеўшилик** өз бетинше жумыслар. Бунда машқалалы жағдайдың жүзеге келиўин талап ететуғын шараят жаратылыўы тийис.

Талаба таяр үлгилерден азат болған ҳалда мәселениң шешилиў жолларын излейди ҳәм изертлейди. Эксперимент қойыў, макетлар жасаў, жойбарлаў ислери дөретиўшең изертлеў жумысларына киреди.

## ЖОҚАРЫ ОҚЫЎ ОРНЫ ОҚЫТЫЎШЫСЫНЫҢ ИННОВАЦИОН ХЫЗМЕТИ

**Инновация** түсиниги инглиз тилиднен алынған болып, (in-ичида, novus-янги) жаңалық киритиў деген мәнисти билдиреди. Соған қарамастан илимий әдебиятларда «жаңалық» пенен «инновация» бир-биринен парық қылады. Яғный **жаңалық** – бул қурал болып хызмет етеди. Ол жаңа метод, технология ҳәм баскалар.

**Инновация** – бул тәлим саналады. Ол белгили бир басқышлар бойынша раўажланатуғын процесс болып табылады.

**Педагогикалық инновация** – оқыўшыларды оқытыў, тәрбиялаў ҳәм раўажландырыўға қаратылған жаңалықлар саналады.

**Инновацион процесслер ҳәм олардың басқышлары**

Инновацион процесслер –бул инновацион ҳәрекетлер болып, ол төмендеги басқышларда әмелге асырылады:

- жаңа идеяның пайда болыўы,
- педагогикалық жаңалық ашыў,
- жаратылған жаңалықты әмелде қоллаў,
- жаңалықты жаңа тараўларда қоллаў,
- жаңалықтың белгили бир тараўдағы ҳүкимранлық етиўи,
- жаңалықлар баска да жаңалықлар менен алмасып гөнерип барады.

Инновацион процесс - бул тәлим-тәрбия структуралары менен нызамлылықларынын өз ишине қамрап алған система болып табылады. Инновацион процесслердиң әмелге асыўы **4 түрдеги нызамға** сүйенеди:

- Педагогикалық инновация орталығының аяўсыз турде бир шараятта болмаслығы нызамы. Бунда педагогикалық процесс ҳәм ҳәдийселер ҳаққындағы пикирлер ҳәмде педагогикалық сана өзгерип, педагогикалық жаңалықлар бахаланады

- Инновацияның әмелге асыў нызам. Яғный жаңалықтың турмыс пенен байланыслылығы болып, ертеме, кешпе, стихиялы ямаса саналы түрде болама ол бәри-бир әмелге асады.

- Инновацияларды бир қәлипке түсириў (стереотипластырыў) нызамы. Бунда педагогикалық инновациялық пикирлеў бир қәлипке түсириледи ҳәмде әмелий ҳәрекет тенденциясына ийе болады

**Инновацион хызметтин субьекти** – оқытыўшының жеке имканияты болып табылады.

**Креативлик** – бул оқытыўшының инновацион искерлигиниң eң тийкарғы белгилеринен бири болып, ол шахстың жаңа түсиниклерди киритиўи, жаңа көнликпелер менен сезимлерди қәлиплестириў қәбилети саналады.

Креативлик термини Англия-Америка психологиясында 60-жылларда пайда болы.

Ж.Гилфорд креативликти белгилейтуғын төмендеги қатар белгилерди санап өтеди. Булар:

- пикирдиң анықлығы,
- пикирди мақсетке муўапық бағдарлай алыў,
- өзине тәнлилик (оригиналлық),
- гипотезаны илгери сүре алыўшаңлық,
- қызығыўшаңлық,
- қыял ете алыў ҳәм фантазия.

М.Н.Гнатько болса **креативлик механизмерин** төмендеги еки түрге ажыратады:

- потенциал креативлик - бул креативликтиң зәрүрий шәрти болып, қандай шараят болмасын креативликке таяр турыў болып табылады ҳәм оны әмелге асырыў мүмкин.

- искерликтеги креативлик – бул белгили бир тараўдағы креативлик саналады.

**Рефлекция** (гр.- артқа қайтыў) – бул субъекттиң өз (ишки) сезимлери ҳәм жағдайларын билиў процесси саналады. Яғный рефлекция - бул инсанның өз санасындағы өзгерислер ҳаққындағы ой-пикирлери болып табылады.

Педагогика ҳәм психология тараўында **рефлекция** – деп текғана субъекттиң өзлигин билиўи ҳәм түсиниўи емес, бәлки оның жеке сезимлерин басқалардың да түсинип, билип (когнитив) алыўы түсиниледи. Шахстың дөретиўшеңлик пикирлеў процесси рефлекция менен де байланыслы. Рефлекция субъекттиң өзинше жуўмақлар шығарыўы, оларды улыўмаластырыўы, аналогия, салыстырыў, баҳалаў, машқалаларды еслеў ҳәм оларды шешиўлерди өз ишине алады.

Өзиниң педагогикалық хызметине рефлексив (ихтиярсыз) қатнаста болыў инновацион искерликтиң айырықша кориниси саналады.

Түрли илимпазлар рефлексив хызметтиң ҳәр түрли формаларын анықлаған. Мәселен:

Оқытыўшының индивидуал излениўшеңлигине төмендегилер киреди:

- интеллектуал-дөретиўшеңлик баслама,

- билимлердиң кеңлиги ҳәм тереңлиги,

- интеллектуал қәбилети,

- түрли қарсылықларға таяр турыў ҳәм дөретиўшең идеяларға критикалы қатнаста болыў,

- жаңалықларға умтылыўшылық ҳ.т.б.

Демек, оқытыўшының индивидуал излениўшеңлигин раўажландырыў оның улыўма шахс сыпатында раўажланыўы менен жаңаланыўына қаратылған инновацион процесс болып табылады.

Оқытыўшының индивидуал излениўшеңлиги төмендегилер менен характерленеди:

- өзиниң тәжирийбелерин басқалардыки менен салыстырған ҳалда өзиниң имканияты, кемшилиги ҳәм жетискенликлерин аңлап жетиў,
- өзи ҳаққындағы креатив көринислерди билиўи,
- шахстың раўажланыўы ҳәм дөретиўшең сыпатында қәлиплесип барыўы,
- өзин көрсете билиўи ҳәм жаңалықларды әмелге асырыўға таяр турыўы,
- өзиниң орнын билиўи ҳ.т.б.

## ӨЗИН - ӨЗИ ҚАДАҒАЛАЎ СОРАЎЛАРЫ

1. Оқыў мотивациясы ҳәм тәлим нәтийжелилиги дегенди нени түсинесиз.
2. Тәлимниң нәтийжелилигин асырыўда нелерди әмелге асырыў тийис.
3. Тәлимниң нәтийжелилигине тәсир етиўши факторларды келтириң
4. Тәлим ҳәм тәрбияның өз-ара қатнасын түсиндирип бериң
5. Талабаның оқыў процессиндеги қатнасына қандай қарайсыз?

## Пайдаланған әдебиятлар:

1. Сайидахмедов Н.С. Педагогика амалиётида янги технологияларни қўллаш намуналари. – Т.: Янги аср авлоди, 2001.- 40 б.
2. Сайидахмедов Н.С. Педагогик маҳорат ва педагогик технология. – Т., ЎзМУ қошидаги ОПИ. – 2001.(88-бет)
3. Азизходжаева Н.А. Педагогические технологии и педагогическое мастерство. Тошкент-2005.
4. Махмудов И.И. Бошқарув психологияси: Ўқув қўлланма / Масъул муҳаррир: А.Холбеков. – Т.: ДЖҚА “Раҳбар” маркази; “YUNAKS-PRINT” МЧЖ, 2006.

## 2. ТЕМА: Педагогикалық коммуникацияда психологиялық компетентлик

**РЕЖЕ:**

1. ТӘЛИМ ПСИХОЛОГИЯСЫ
2. ТӘРБИЯ ПСИХОЛОГИЯСЫ
3. ОҚЫТЫЎШЫ ПСИХОЛОГИЯСЫ
4. ШАХСТЫҢ ҚӘИПЛЕСИЎИ ҲӘМ ПСИХИК РАЎАЖЛАНЫЎЫНА ТӘСИР ЕТИЎШИ ФАКТОРЛАР

**Таяныш түсиниклер***: “Билимлендириў ҳаққында”ғы Нызамы, “Кадрлар таярлаў миллий бағдарламасы”нда кәмил шахсты тәрбиялаў баслы мәселе сыпатында көтерилип шығылған. Ҳәр бир жас дәўириниң психологиялық өзгешеликлерин есапқа алған ҳалда тәрбиялық тәсир көрсетиў инсанда өз-өзин аңлаўды қәлиплестиреди. Өзликти аңлаў сезими, тәлим психологиясы, тәрбия психологиясы, оқытыўшы психологиясы*

## ТӘЛИМ ПСИХОЛОГИЯСЫ

“Билимлендириў ҳаққында”ғы Нызамы, “Кадрлар таярлаў миллий бағдарламасы”нда кәмил шахсты тәрбиялаў баслы мәселе сыпатында көтерилип шығылған. Ҳәр бир жас дәўириниң психологиялық өзгешеликлерин есапқа алған ҳалда тәрбиялық тәсир көрсетиў инсанда өз-өзин аңлаўды қәлиплестиреди.

Улыўма социаллық турмыстың барлық тараўларында педагогикалық психологиядан пайдаланыў тәлим ҳәм тәрбияның шахслараралық унамлы қатнаслар орнатыўдың тийкарғы шәрти саналады.

Педагогикалық психология XIX әсирдиң екинши ярымына келип қәлиплескен болып, психология пәнине генетик идеялардың кирип келиўи

менен және де раўажланды. Рус педагогы К.Д.Ушинский (1824-1870) өзиниң "Инсан тәрбия предмети сыпатында" атлы шығармасында: "Инсанды ҳәр тәреплеме тәрбиялайтуғын педагог оны ҳәр тәреплеме билиўи, түсиниўи керек", - деп жазған еди.

И.М.Сеченов (1829-1905) баланы тәрбиялаў ҳәм оның раўажланыўының психофизиологиялық тәреплерин көрсетип берген. Ол инсанның психик раўажланыўы себепли байланыс тийкарында пайда болады деген пикирди билдирген. Яғный психиканың келип шығыўы - өзгерип турыўшы турмыс шараятларындағы қозғатыўшылар болып табылады ҳәм бул қозғатыўшылар инсан нерв системасына тәсир қылады ҳәмде қурамалы байланысты келтирип шығарады. Мине усы байланыс болса бала психикасының раўажланыўына алып келеди.

Тәлим психологиясы шахстың билимлерди ийелеў, беккемлеў усылларынан ибарат искерлик процессин қамрап алыўшы қатар сораўлардың дүзилисин үйренеди. Олардың нәтийжесинже адамның индивидуал тәжирийбе, билим, көнликпе ҳәм уқыплылықлары қәлиплеседи.

Инсан дүнья менен қатнаста болар екен, ол әлбетте жаңа нәрселерди үйрениў ҳәм өзиниң эхтияжларын қанаатландырыў усылларын раўажландырып барғанлығы себепли ҳәм билим алыўға болған умтылыўы инсанның пүткил өмири даўамында қәлиплесип бара береди. Себеби инсан ҳәр бир әмелий билимди турмыстан үйренеди. Басқаша айтқанда тәлим алыў ҳәр бир искерлик процессинде әмелге асады ҳәм субъекттиң қәлиплесиў процессин өз ишине қамрап алады. Демек, тәлим алыў жүдә кең түсиник болып, ол текғана тәлим алыўдың шөлкемлескенлик формаларын (мектеплер, курслар, оқыў орынлары) емес, бәлки инсанның күнделик турмыста ийелеген билим ҳәм көнликпелерин өз ишине алады.

Ойын ҳәм мийнет искерлиги сыяқлы искерлик түрлеринен оқыў искерлигининг шөлкемлескен формалары (мектеплер, курслар, оқыў

орынлары) өзиниң арнаўлы түрде инсанды басқа искерликке таярлаўы ҳәм оның тийкары болыўы менен ажыралып турады.

Тәлим психологиясын үйрениў мәселелериниң басланғанлығына еле көп ўақыт болмаса да (50 жыллардан басланған) оқыў искерлиги мәселеси бойынша излениўлер алып барылған.

Мәселен, оқыў искерлиги  теориясының тийкарын нелер қурайды ҳәм оның психологияны оқытыў методикаларын ислеп шығыўда қандай әҳмийетке ийе, - деген сораўларға жуўап изленген.

Психологияның қайсы тараўы бойынша ислеўине қарамастан, оқытыўшы оқыў искерлиги теорияларының тийкарғы нызамлылықларын билиўи тийис. Бул билим ийелеп алыў қағыйдалары ҳәм оқытыў методикаларын дурыс дүзиў ушын жүдә әҳмийетли.

Оқыў искерлиги  психологиясында илимий түсиник сыпатында жеке анықламаға ийе емес. Усы күнге шекем бул түсиник «киши мектеп жасындағы жетекши искерлик», «социаллық искерликтиң тийкарғы формасы» сыпатында түсинилип келинди.

Оқыў искерлигиниң дүзилиси:

эҳтияж – ўазыйпа (тапсырма) – мотивлер - ҳәрекет - операция.

Эҳтияж оқыўшының белгили бир предметти теориялық жақтан өзлестириўге қаратылған  оқыў активлиги саналады. Теориялық билимлерге анық бир предметтиң раўажы ҳәм келип шығыўққ ҳақққндағқ нқзамлқлққлар ҳәм қағқйдалар киреди. Булардқ текғана шөлкемлестирилген тәлим – теория үйрениў  искерлигинде өзлестириў мүмкин.

Оқыў ўазыйпасы (тапсырмасы)н орынлаўда оқыўшылар белгили бир ҳәрекет ҳәм операцияларды әмелге асырады.

Оқыў искерлиги түрлише болыўы мүмкин, бирақ тийкарғы мотив болып үйрениўге болған қызығыўшылық саналады. Оқыў искерлигиниң әмелге асырылыўы оқыўшы тәрепинен орынланып, белгили бир мотив пенен

басқарылатуғын оқыў искерлиги ямаса оқыў ўазыйпасын шешиўге қаратылған операция қурайды.

Оқыў искерлигиниң мақсети - теориялық билимди ийелеўден ибарат.

Улыўма, оқыў тапсырмаларын шешиў ҳәм оқыў искерлигиниң арнаўлы шөлкемлестирилиўи оның дүзилис өзгешеликлерине байланыслы. Оқыў тапсырмасының мазмуны неден ибарат? Оқыў тапсырмаларын шешиўдиң тийкарғы мақсети предметти үйрениў емес, бәлки өзгертиўлерди киритиў усылларынан өзгертиўден ибарат. Оқытыўшы оқыўшының алдына машқаланың шешимин оқыўшының өзи анықлаўға бағдарланған оқыў тапсырмаларын бериўи керек. Оқыў процесси оқыў ўазыйпаларын шешиў системасына айланыўы тийис. Яғный оқыў ўазыйпаларын шешиў эпизодли емес, бәлки оқыў искерлиги ийелеген теориялық билимлерди әмелиятта қоллап үйрениўди, оқытыўшы тәрепинен берилип атырған таяр билимлерди китаплардан алыў емес бәлки оқыўшының өзи актив искерлик көрсетиўи тийис.

Оқыўшы тәрепинен оқыў ўазыйпаларын шешиў процессиниң өзи - бул оқыў искерлиги деп аталады. Оқыў искерлиги процессиниң қурам бөлеклери:

- оқытыўшы тәрепинен оқыўшының алдына оқыў тапсырмаларының қойылыўы,
- оқыўшы тәрепинен тапсырманың шешиминиң қабыл етилиўи,
- өтилип атырған пәни менен байланысты излеў мақсетинде оқыўшы тәрепинен оқыў тапсырмасының қайта көрип шығылыўы,
- ажыратылған мүнәсибетти моделлестириў,
- бул мүнәсибетти «таза ҳалда» үйрениў ушын моделди өзгертиў,
- улыўма усыл менен шешилетуғын тапсырмалар системасының қурылыўы
- алдын орынланған ҳәрекеттиң қадағаланыўын ҳәм кейинги ҳәрекетке өтиў,

- баҳалаў (өз-өзине баҳа бериў) ҳәмме ҳәрекетлердиң жақсы орынланыў усылларын оқыў тапсырмасының шешилиўиниң улыўма усылын өзлестириў ҳәм басқалар.

Барча юқоридаги элементларнинг кетма-кет ўқув топшириғида бажарилиши талабанинг ўқиш фаолиятини ташкил этади.

«Оқыў искерлиги» түсиниги буннан 20 жыллар алдын қәлтиплескен болса да бул оқыўшылардың билим дәрежеси критериялары сыпатламасының ислеп шығылыўы менен байланыслы болған.

Оқыў искерлиги:

- билим, көнликпе ҳәм уқыплылықлар, оларды өзлестириўдеги усылларды,

- оқыўшылардың оқыў материалы менен ҳәрекет операцияларын,

- оқыўшы тәрепинен оқыў материалының қабыл етилиўин, оның өзин-өзи қадағалаўын, өзине-өзи баха бериўин өз ишине алады.

Оқыўдың мазмуны психологиялық жақтан «алдын оқыўшығы мәлим болмаған нәрсе қандай қылып оның санасында мәлим болады, объективтен субъективке өтеди, идеалдан материалға айланады?» - деген мәнисте анализленеди. Бул сораў дурыс билим алыўға жол көрсетеди. П.Я.Гальперин ақыл ҳәрекетлериниң қәлиплесиў концепциясын жаратқан. Ойланған ҳәрекетлер - инсанның ҳәр бир әмелий ҳәм билиўге бағдарланған искерлиги, индивидуал тәжирийбеде қәлиплесип, бир қатар өзгерислерди басынан кеширеди. П.Я.Гальпериннниң концепциясында оқыў арнаўлы ҳәрекетлер түри сыпатында көрип шығылған, оларды орынлаў оқыўшыда жаңа билим ҳәм көнликпелерди қәлиплестиреди. Белгили бир иске биринши мәрте қол урып атырған инсан, егер оның қолында белгили бир тийкарғы ҳәрекет бағдары болмаса, ол бул исти дурыс, бирақ жүдә әсте орынлайды. П.Я.Гальпериннниң пикиринше: «Инсанның ҳәр бир ҳәрекети қадағалаў, орынлаў мөлжел бөлимлеринен ибарат. Оқыў процессинде де оқыўшы

белгили бир мөлжелге қарап искерликти әмелге асырады ҳәм ол оқытыўшы тәрепинен қадағаланып барылады.

Тәлим психологиясында субъекттиң искерлиги болып, оқыў тапсырмасының шешимин табыў процессинде субъект өзгерип, оның дүньяқарасы, билими, көнликпелери қәлиплесип барады

Демек, оқыў - бул пикир жүритиўге үйретиў саналады.

Оқытыў нәтийжелериниң ишине төмендеги көрсеткишлер киреди:

- оқыў искерлигиниң қәлиплескенлк дәрежеси,
- оқыўшылардың интеллектуал раўажланғанлық дәрежеси
- оқыўшылар жәмәәтиниң ҳәм шахстың раўажланыў дәрежеси
- оқытыўдың соңында оқыўшылардың билим, көнликпе ҳәм ийелеген уқыплылықлар дәрежеси.

Оқыў искерлигиниң тийкарғы ўазыйпасы оқыўшының илимий теориялары тийкарында еркин пикир жүритиўге үйретиўден ибарат.

Пикирлеў психологиясынан келип шыққан ҳалда пикирлеў - бул сондай арнаўлы машқаланың шешими болып, оның базы шәртлери жүзеки, басқаларында болса улыўма болмайды. Пикирлеў бул - предмет анализиниң бақлаўларын жасырын болған мүнәсибетлерди ашыўға қаратылған психологиялық искерлик саналады. Егер тапсырманың барлық шәртлери орынланған болса онда пикирлеў талап етилмейди ҳәм инсан бул тапсырманы яд ямаса қабыл етиў, сондай-ақ өзине тән карарға келиўге баслаўшы жол менен шешиўи мүмкин. Пикирлеў тапсырма болғанда, (сораў) ядда ямаса дыққатта таяр жуўап болмағанда иске түседи. Инсан машқалалы жағдайларға түсип қалыўы мүмкин, анық болмаған нәрсени анықластырыўға болған талап пикирлеў процессин оятады. Мине усы нәрсеге талабаларды үйретиў тийис. Пикирлеўге үйретиў - бул билимлердиң ортасындағы қарама қарсылықларды шешиў, юүзеге келген машқала-тапсырмаларды шешиўде оған қол келетуғын билимлер саналады. Усыннан келип шыққан ҳалда бүгинги күнде машқалалы тәлим нәтийжели тәлим

түрлеринен бири болмақта. Бирақ бүгинги күнде психологлар талабаның алдына текғана машқаланы қойыў арқалы пикирлеўге үйретилип, олардың активлиги асырылмайтуғынлығын, буның ушын машқаланың шешимин табыў ҳәм бул шешимди табыў жолларын басқарыў имканиятында бермекте. Яғный машқалалы тәлимди психологиялық жақтан анализлесек тәлимде тапсырма (машқалар)ларды текғана талабаның алдына қойыў емес, бәлки булмашқалаларды психологиялық билимниң пикирлеў нызамлылықлары тийкарында үйретиў де талап етиледи.

## ТӘРБИЯ ПСИХОЛОГИЯСЫ

Шахс қурамалы жанзат болып, ол бир-бири менен байланысқан пәзийлетлерден ибарат. Егер күшли ерк күшине ийе болған инсан турмыстың қыйыншылықларын жеңип өтип ол жақсылық пенен байланысқан болса, ол унамлы нәтийжелерге алып келеди. Егер бул ерк күши жаманлық пенен уйғынласқан болса менменлик,өзин жоқары тутыў, жеке мәпти гөзлеў, басқалардың бахытсызлығы есабынан жасаў сыяқлы қәсийетлердиң қәлиплесиўине себеп болады. Яғный инсанды бөлеклерге бөлип тәрбиялап болмайды, ол бир пүтин ҳәм бир пәзийлер екинши қәсийет пенен уйғынласып бара береди. Талаба әдеп-икрамлылық нормаларын билиўи мүмкин, бирақ бул оның тәрбияланғанлығын билдирмейди. Тәрбияда:

- әдеп-икрамлылық әмелиятын,
- социаллық мәнәўий тәжирийбесин,
- характериндеги мотивлер (белгили бир ҳәрекетлерге баслаўшы пикирлер, сезим ҳәм мақсетлер)ди,
- әдеп-икрамлылық нормаларына әмел қылыўға бағдарланған пикирилеўди қәлиплестириў керек болады.

Бир ғана ҳәрекеттиң өзинде шахста түрли қәсийетлер қәлиплесиўи мүмкинлигин рус психологлары дәлиллеген. Мәселен бирғана әшкаралаў арқалы сол әшкаралап атырған инсанды түрли қәсийетлер қәлиплесип

баратырғанлығын өзи де сезбеўи де мүмкин. «Дос ашытып айтады» қәбилинде мектеплерде оқыўшыларды ашықтан-ашық әшкаралаўға үйретиледи. Ашықтан ашық әшкаралаў баланы дәдилликке, мәртликке, туўрылыққа, принципиаллыққа тәрбиялайды деп есапланылады. Бирақ бул барқулла да унамлы нәтийжелерге алып келе бермейди. Мәселен бир оқыўшы достын түрли мәнисте әшкаралаўы ҳәм сол оқыўшының өзинде түрли қәсийетлер қәлиплесип барыўы мүмкин. Әшкаралаўдың мазмуны ҳәм оның нәтийжеси:

1. Егер оқыўшы достын принципиал мотивлер тийкарында әшкараласа бул оның характеринде принципиаллық, ҳадаллық, туўрысөзлилик сыяқлы пәзийлетлердиң қәлиплесиўине жәрдем береди.

2. Егер оқыўшы достының айыбын мойнына қойыў мақсетинде әшкараласа бул индивидуализм ҳәм эгоизмниң қәлиплесиўине жәрдем береди.

3. Егер достын жаман ой менен әшкараласа онда сол тийкарда өш алыўшылық, мәккарлық, инсапсызлық қәсийетлериниң қәлиплесиўине түртки болады.

4. Егер оқытыўшысынан қорқып ямаса оған жағыныў ушын достын әшкараласа онда еки жүзлемешилик кәсмийетлери қәлиплесип барады.

Демек, баланың пәзийлетлери структурасының қәлиплесиўине ҳәттиҳаректлери мотиви тәсир көрсетеди. Бундай ҳәрекетлер мотивин дурыс тәрбиялаў тийис ҳәм бул мотивлерге психологлар (Л.И.Божович, М.С.Неймарк) шахстың бағдарланғанлығы деп анықлама береди. М.С.Неймарк шахстың бағдарланғанлығының төмендеги түрлерин анықлады. Булар:

- жәмәәтлик,
- жеке
- исшеңлик бағдарланғанлық (жумысқа, искерликке, жөретиўшеңликке)

Шахстың тәрбияланыўына шараятлар тәсир көрсетеди, бирақ тәрбия психологиясында бул шараятларға баланың өзиниң жеке мүнәсибети үлкен әҳмийетке ийе болады. Бир түрдеги шараятта түрлише пәзийлетлер қәлиплесиўи мүмкин.

Баланың мәнәўий жақтан камал табыўы ушын оның жеке тәжирийбесин сондай шөлкемлестириў тийис, бул тәжирийбе социаллық әдеп-икрамлылық нормаларды өзлестирип алыў ушын қолай шараят жаратыўы тийис.

## ОҚЫТЫЎШЫ ПСИХОЛОГИЯСЫ

Оқытыўшылық – инсәният жәмийети тарийхы басланған дәўирлерден баслап пайда болып, усы күнге шекем даўам етип киятырған кәсиплерден. "…Оқытыўшы – дейди Ал Форобий, - ақыл-парасатқа, шырайлы сөйлеў мәдениятына ийе болыўы, пикирлерин толық ҳәм анық билдире алыўы тийис. Оқытыўшының ўазыйпасы мәмлекетти басқаратуғын дана басшының ўазыйпасына уқсайды. Сол себепли ол еситкен ҳәм көргенлерин еслеп қалыўы тийис деб билдиреди. Юсуф Хожи Кашкарий "…Мен дене ағзалары кеселлигин даўалаўдан алдын адамлардың рухиятын даўалаў зәрүр деп тапдым. Буған мен оқытыўшылық жолы мененеристим, буған мениң исенимим мол. Себеби ағзалар кеселлиги менен жүзлеп адамлар дүнъядан көз жумыўы мүмкин. Наданлық, билимсизликтиң себебинен болсам мыңлап адамлар өмирден өтиўи мүмкин…". Алишер Наўайы да: "Егерде шәкирт падшалыққа ериссе де, устазға қуллық етсе арзыйды",- деген пикирди билдиреди.

Оқытыўшы – бул:

- класстағы оқыў процессиниң шөлкемлестириўшиси,
- ол билимлер базасы,
- ол класс басшысы,
- тәрбия процессин шөлкемлестириўши ҳ.т.б.

Сонлықтан-да заманагөй мектеп оқытыўшысының алдына қатар ўазыйпалар қойылған:

- өз Ўатанынына садықлық,
- балаларды сүйиў,
- ғәрезсизлик идеялары менен жасаў,
- жуўапгершиликти сезиў,
- руўхый пәк,
- сабырлы, өзин басқара алыў
- билимли болыў,
- педагогика, психология, физиология, мектеп гигиенасын билиўи,
- тәлим - тәрбия методикасын ийелеўи;
- дөретиўшеңлик,
-балаларды, олардың ишки дуньясын билиўи,
- педагогикалық техника тактке ийе болыўы ҳ.т.б.

Оқытыўшының профессиограммасы белгили бир пән тәрепинен қойылатуғын арнаўлы талапларда өз ишине алады. Профессиограмма психологиялық жақтан педагогикалық хызметтиң характеристикасының келешек әмелий ислер ушын зәрүр болған тәреплерин инабатқа алыўы тийис. Профессиограммада оқытыўшының төмендеги өзгешеликлери көрсетилип барылыўы лазым:

1) Оқытыўшының жеке пәзилетлери;
2) Кәсиби бойынша билими;
3) Кәсибине сай билимлери;
4) Жеке-педагогикалық шеберлиги;
5) Шөлкемлестириўшеңлик көнликпелери;
6) Коммуникатив көнликпелер;
7) Гностикалық көнликпелери;
8) Дөретиўшеңлик пәзилетлери.

## ШАХСТЫҢ ҚӘИПЛЕСИЎИ ҲӘМ ПСИХИК РАЎАЖЛАНЫЎЫНА ТӘСИР ЕТИЎШИ ФАКТОРЛАР

Педагогика пәнинде шахстың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўына төмендеги факторлардың тәсир ететуғынлығы билдирилип келинди. Булар:

1. Нәсил.
2. Орталық.
3. Тәрбия.

Тәрбия психологиясында талабаға тәсир етиўши социаллық факторларды социал психология пәни үйренеди. Егер оқытыўшы белгили бир талаба ҳаққында «бул баланы тәрбиялап болмайды, тәрбиялық тәсир көрсетип болмайды» - деген пикирди билдиретуғын болса, демек оның талабаның әтирапындағы референт топардан хабарсызлығын билдиреди. Балаға өзиниң ең жақын адамлары да тәсир ете алмаўы мүмкин. Себеби бала олардың пикирлерине итибарсыз қарайды. Бирақ оған тәсир етиўши референт топарлар болыўы мүмкин, бала өзи ушын әҳмийетли деп билген бул инсанлардың пикирлери менен есапласады. Референт топарға баланың бир өзиде кириўи мүмкин. Сондай-ақ, булл топарға шаңарақ ағзалары, топардағы базы талабалар, көшиндесиндеги балалар, оқытыўшы да кириўи мүмкин. Бунда референт топарлардың қызығыўлары, идеаллары ҳәм мақсетлери үлкен әҳмийетке ийе болады.

Тәрбия арнаўлы ислеп шығылған дәстүр тийкарында анық мақсет тийкарында тәсир көрсетиўдиң арнаўлы ислеп шығылған тәрбия қураллары, форма ҳәм методлары жәрдеминде стихияли тәсирлерден баланы қорғап турады. Тәрбияда унамсыз пәзийлеттиң қәлиплесиўининң алдын алыў педагогикалық психологияның актуал мәселелериниң бири саналады.

# ӨЗ-ӨЗИН ҚАДАҒАЛАЎ СОРАЎЛАРЫ

1. Жоқары мектеп педагогларының компетентлилиги нелерден ибарат? Оны тийкарлаң
2. Тәлим психологиясының ммазмуны нелерден ибарат?
3. Тәрбия психологиясының мазмуны. Әшкаралаўдың тәрбияға тәсири?
4. Жоқары тәлимде оқытыўшының психологиясы.

## Пайдаланған әдебиятлар


1. Адизова Т.М. Психологические методы изучения личности учащихся в процессе общения. Ташкент: ТГПУ им.Низами, 2000.
2. А.В.Петровский. "Ёш психология ва педагогик психология". -М.1979 йил.
3. В.А.Крутецкий. "Педагогик психология асослари". -Т. "Укитувчи".
4. В.А.Крутецкий. "Укувчиларнинг таълим ва тарбияси психологияси. 1976.
5. Э.Гозиев. "Психология" -Т. 1994 й.
6. М.В.Вохидов. "Психология" -Т. 1981 й.

## ТЕСТ СОРАЎЛАРЫ

1.Жоғарғы оқыў орны педагогикасының анықламасы:

A. Педагогиканың бир тармағы

B.Оқыўшыларды тәрбиялаў ҳаққындағы пән

C. Студентлерди оқытыў ҳәм тәрбиялаў ҳаққындағы пән

D. Барлық жуўаплар дурыс

2.Жоқарғы билим бериўдиң мақсети, мазмуны, усылларының бирлиги:

A.Педагогикалық талап

B.Жоқарғы билим бериўдиң принципи

C.Дидактикалық қағыйда

D. Жоқарғы билим бериў педагогикасының улыўма нызамлылығы.

3.Жоқарғы билим бериўдиң педагогикалық принциплери:

A.Билимлерди саналы рәўиште өзлестириў.

B.Студенттиң белсендилигине сүйенип оқытыў.

C.Тәлим-тәрбияның жас өзгешелигине сәйкеслиги.

D.Барлық жуўаплар дурыс.

4. Жоқарғы оқыў орны педагогикасының изертлеў методлары:

A.Педагогикалық эксперимент

B.Рейтинг методы

C.Математикалық-статистикалық анализ

D.Барлық жуўаплар дурыс.

5. Өзбекстанда жоқарғы билим бериў неше басқышлы етип шөлкемлестирилген:

A. Бир басқышлы

B.Еки басқышлы

C.Үш басқышлы

D.Төрт басқышлы.

6. Жоқарғы оқыў орнында тәлим-тәрбия ислери нениң тийкарында шөлкемлестириледи?

A.Министрликтиң буйрығы тийкарында

B.Ректордың көрсетпеси тийкарында

C. Мәмлекетлик норматив ҳүжжетлер тийкарында

D.Профессор-оқытыўшының қәлеўинше.

7. Жоқарғы оқыў орнын питкериў қандай тамамланады:

A.Жуўмақлаўшы мәмлекетлик аттестация менен

B.Диплом алыў менен

C.Оқыў режесин орынлаў менен

D.Жуўаплар дурыс емес.

8.Жоқарғы билим бериўдиң мәмлекетлик тәлим стандарты (ЖБМТС, тийкарғы қағыйдалар) қашан тастыйықланған? :

A.Министрлик қарары менен 1998-жылда

B.Халық билимлендириў министрлиги тәрепинен 2000-жылда

C.Министрлер Кабинетиниң қарары менен 2001-жыл 17-августта

D. Барлық жуўаплар дурыс

9. Жоқарғы билим бериўдиң мәмлекетлик тәлим стандарты неге тийкарланып ислеп шығылған?

A.Билимлендириў ҳаққындағы нызам тийкарында

B.Кадрлар таярлаў миллий бағдарламасы тийкарында

C.Билимлендириўдиң халық аралық стандарты классификациясы

принциплерине сәйкеслендирип

D. Барлық жуўаплар дурыс

10.Магистратура бул қандай билим бериў?

A.Анық қәнигелик бойынша жоқарғы тәлим

B.Жоқарғы билим бериўдиң атағы

C.Толық жоқарғын билим алыў

D. Жуўаплар дурыс емес.

11. Жоқарғы билим бериўдиң классификаторы не?

A.Жоқарғы  билим бериў ҳаққындағы ҳүжжет

B.Жоқарғы билим бериўдиң жөнелислери ҳәм қәнигеликлериниң системаластырылған дизими

C.Жоқарғы билим бериўдиң түрлери

D. Барлық жуўаплар дурыс

12. Жоқарғы билим бериўдиң классификаторы қашан тастыйықланған?

A.ЮНЕСКО тәрепинен 1997-жылда

B.Жоқарғы билимлендириў министрлиги тәрепинен 1998-жылда

C.Халық билимлендириў министрлиги тәрепинен 2000-жыл 18-августта

D. Министрлер Кабинети тәрепинен 2001-жыл 16-августта

13.Студенттиң миннети:

A.Мәмлекетлик тәлим стандартында белгиленген дәрежеде билимлерди ийелеў

B.Билим бериў мәкемесиниң ишки тәртип қағыйдаларына әмел етиў

C.Жәмийетлик шөлкемлердиң ис-ҳәрекетине қатнасыў

D. Барлық жуўаплар дурыс

14.Профессор-оқытыўшының миннетлери, ўазыйпалары:

A.Белгиленген оқыў жүклемесин орынлаў

B.Илимий-методикалық жумысларды орынлаў

C.Студентлер менен тәрбиялық жумысларды алып барыў, турақлы түрде өз маманлығын арттырыў

D. Барлық жуўаплар дурыс

15.Жоқарғы оқыў орнында тәлим-тәрбия жумыслары:

A.Жоқарғы билим бериўдиң мәмлекетлик тәлим стандартларын әмелге асырыўды тәмийинлейди.

B.Орта мағлыўматлы кадрлар таярлаўға қаратылған

C.Студентлер санасына миллийликти сиңдириўге хызмет етеди

D. Жуўаплар дурыс емес

16.Лекция бул не?

A.Билим бериўдиң форма-усыларының биреўи

B.Лекцияға қатнасыў еркин түрде .

C.Лекцияға қатнасыў мәжбүрий

D. A, C жуўаплар дурыс

17.Оқыў мотиви бул не?

A.Билим бериўдиң ўазыйпасы

B.Оқытыў принципи

C.Студентти қандай да бир оқыў-билиў ўазыйпасын орынлаўға ийтермелеўши ишки руўхый шақырық

D. Жуўаплар дурыс емес

18. Оқыў-билиў ис-ҳәрекетиниң түрлери:

A.Лекцияларда қатнасыў ис-ҳәрекети

B.Репродуктив ис-ҳәрекет

C.Өнимдарлы ис-ҳәрекет

D. B, C жуўаплар дурыс

19.Алдыңғы педагогикалық технологияларды қолланыў:

A.Студентлер менен сабақ өтиўди жеңиллестиреди

B.Ўақытты үнемлеўге мүмкиншилик береди

C.Студентлердиң билимди өзлестириўин жоқары дәрежеге көтереди

D.Техникалық қуралларды талап етеди

20.Аралықтан оқытыў:

A.Маманлық арттырыў системасына туўры келеди

B. Басқа жерге бармастан билим алыў мүмкиншилигин жаратады

C.Оқытыў хызметлериниң сапасын арттырады

D. Барлық жуўаплар дурыс

21.Аралықтан оқытыў қураллары:

A.Электрон сабақлық, қолланбалар

B.Компьютер системасындағы оқыў материаллары

C.Аралықлық электрон-информация китапханалар

D. Барлық жуўаплар дурыс

22.Мультимедия бул не?

A.Оқытыўдың заманагөй технологиясы

B.Өзбекстанда мультимедия өнимлерин ислеп шығарыўшы мәкеме шөлкемлестирилген

C.Мультимедия өнимлеринен оқытыў системасында пайдаланыў

усыныс

D. Барлық жууаплар дурыс

23. Оқытыўдың интерактив усылы:

A.Ис-ҳәрекет пенен жантасыўға тийкарланады

B.Биргеликтеги ҳәрекетлер деген мәнисти билдиреди

C.Студентлер киши группаларға бөлип оқытылады

D. Барлық жууаплар дурыс

24.Интерактив усылда сабақ өткенде:

A.Оқыў материалы бир неше оқыў тапсырмаларына бөлинеди

B.Ҳәр бир группаның ис-ҳәрекет бағдары анықланды, қәте пикирлер сынға алынбайды

C.Студенттиң ис-ҳәректи бағдарландырылып барылады

D. Барлық жууаплар дурыс

25. Интерактив усыллар:

A.Ақылый ҳүжим, синетика

B.Жумыс орынлаўдағы ойынлар, конкурс.

C.Лаборатория шынығыўы, лекция

D.A,B жууаплары дурыс

26. Өз бетинше билим алыў бул не?

A.Китап оқыў

B.Илимий шығармаларды оқыў

C.Оқыў тапсырмаларын өз бетинше, дөретиўшилик пенен ямаса муғаллимниң көрсетпеси бойынша орынлаў

D. Үй тапсырмасын орынлаў

27.Өз бетинше билим алыўдың ўазыйпалары:

A. Қандайда бир пән тараўында илимий информацияларды топлаў

B.Билимлерди турақлы маманлық ҳәм көнликпелерге айландырыў

C.Семинар шынығыўларында қатнасыў

D. A,B жуўаплары дурыс

28.Жоқарғы билим бериў стандартында магистратура тәлимине қойылатуғын улыўма маманлық талаплары:

A.Мийнет ис-ҳәрекетин илимий тийкарда шөлкемлестире алыў

B.Илимий информациялар менен ислеў көнликпесин пайда етиў

C.Илимий дөретиўшилик методологиясына тийисли билимлерди ийелеў

D. Барлық жуўаплар дурыс

29. Студентлердиң билимин аўызеки ҳәм жазба түрде баҳалаўдың нуқсанлары:

A.Студентке қойылатуғын баҳаның субъективлиги

B.Студент 3-4 сораўға ғанам жуўап береди, баҳа бағдарламаның мазмунын билгени ушын қойылады

C.Сораў ҳәм тексериўге көп ўақыт кетеди, қадағалаў ушын компьютерди қолланып болмайды

D. Барлық жуўаплар дурыс

30. Студентти тест усылында бахлаўдың нуқсанлары:

A.Студент өзиниң пикирин өз бетинше айта алмайды

B.Студент дурыс деп есаплаған жуўапты ғана таңлаўы мүмкин, өзиниң жуўабын бере алмайды

C.Студент шахсының өзине тән өзгешелигин көрсете алмайды

D. Барлық жуўаплар дурыс

**Әдебиятлар дизими**

1. Азизходжаева Н.Н. Педагогик технология ва педагогик маҳорат . Т.: ТГПУ им. Низами, 2006.
2. Новые педагогические и информационные технологии в системе образования. Учебное пособие для студентов педвузов и системыповыш. квалиф. педкадров. (Е.С. Полат. и др.) М.:Издательский центр «Академия». 2000 год.
3. Беспалько В.П. Слагаемые педагогической технологии – М.: Педагогика, 1989.
4. Голиш Л.В. Технологии обучения на лекциях и семинарах/Учебное пособие// Под общей редакцией академика С.С.Гулямова. - Т.:ТГЭУ, 2005.
5. Голиш Л.В., Что нужно знать обучающему о современнух технологиях обучения? // Экспериментальное учебно-методическое пособие. Ташкент: ИРССПО, 2002. Сластенин В.А. и др. Педагогика. Москва: Просвещение, 2002.
6. Йўлдошева С.М. Олий ва касб-хунар таълимида педагогик технологиялар. Тошкент.ЎзМУ. ОПИ.2009.
7. Халилова. Катталар таълими бўйича мутахассисларни тайёрлаш. Семинар-тренинг. Тарқатма материаллар. Тошкент 2009 й.
8. Садыков Т.С., А.Е. Абылкасымова. Дидактические основы обучения в высшей школе. Учебно-методическое пособие. Алматы, 2000.

9. Фарберман Б.Л. Передовые педагогические технологии – Т.: ФАН, 2000.
10. Зиямухамедов Б.Ғ.ва бошқ. Педагогик технология асослари.Тошкент. 2006.
11. Йўлдошев Ж ва Хасанов С. Педагогик технологиялар. Тошкент ТИУ. 2006.
12. Крутский В.А. «Педагогик психология асослари»- Т.Ўқитувчи 2006
13. Тошимов Р.Ю. «Педагогик психология»маърузалар матниТ.: 2002 .
14. Ғозиев Э.Г. Психология. Т.: “Ўқитувчи” 1994 .
15. Ғозиев Э. Г. Ақлий камолотингизни аниқлай оласизми? Т.: Университет,” 1996.
16. Интернет ресурсу:http://www.referat.ru; www.inter-pedagogika.ru; www.school.edu.ru; www.inter-nastavnik.iatp.bu